

PRAN ENFÒMASYON:

NIMEWO TELEFÒN KI ENPÒTAN

Vil Fort Lauderdale:

Nimewo Telefòn Ijans pou Siklòn.....	954.828.8888
Sant pou Sèvis Kliyan 24rè sou 24.....	954.828.8000
Depatman Lapolis, Ka ki Pa Gen Ijans.....	954.828.5700
Ka Ijans.....	911
Biwo Komisyon Vil la.....	954.828.5003
Lakomin.....	954.828.5000

Broward County:

Ajans ki Administre Ijans.....	954.831.3900
Nimewo Espesyal pou Siklòn.....	954.831.4000
Nimewo Espesyal pou Siklòn, TTY (pou moun ki pa tande byen).....	954.831.3940
Rejis pou Bezwen Espesyal.....	954.537.2888
Nimewo Espesyal pou Siklòn, TTY (pou moun ki pa tande byen).....	954.537.2882
Transpò Piblik.....	954.357.8400

Eta Florid:

Divizyon pou Administrasyon Ijans.....	850.413.9900
--	--------------

FEMA.....	1.800.621.FEMA (3362)
Asirans Nasyonnal kont Inondasyon.....	1.888.379.9531
Florida Power and Light (FPL).....	1.800.4OUTAGE (1.800.468.8243)

BellSouth (Sèvis Reparasyon).....	1.877.737.2478
TECO/People's Gas Company.....	1.877.832.6747
Kwa Wouj Etazini (Biwo nan Broward).....	954.763.9900

PÒTAY ENIÈNÈT KI ENPÒTAN

Vil Fort Lauderdale.....	www.fortlauderdale.gov
--------------------------	------------------------

Broward County

Ajans ki Administre Ijans.....	www.broward.org/disaster
--------------------------------	--------------------------

Eta Florid

Divizyon ki Administre Ijans.....	www.floridadisaster.org
-----------------------------------	-------------------------

FEMA.....	www.fema.gov
Florida Power and Light (FPL).....	www.fpl.com
Kwa Wouj Etazini (Biwo nan Broward).....	www.arcbcc.org
BellSouth.....	www.bellsouth.com
TECO/People's Gas Company.....	www.peoplesgas.com
Asirans Nasyonnal kont Inondasyon.....	www.fema.gov/business/nfip
Sant Nasyonnal kont Inondasyon.....	www.nhc.noaa.gov

KOMISYON POU VIL FORT LAUDERDALE LA

Mayor John P. "Jack" Seiler.....	Majistra
Bruce G. Roberts.....	Vis Majistra, Distrik I
Charlotte E. Rodstrom.....	Komisè, Distrik II
Bobby B. DuBose.....	Komisè, Distrik III
Romney Rogers.....	Komisè, Distrik IV
George Gretsas.....	Manadjè Vil la

PRSRT STD
POSTAGE & FEES PAID
CITY OF FORT LAUDERDALE
PERMIT NO. 401

City of Fort Lauderdale
Public Information Office
101 NE 3rd Avenue, Suite 300
Fort Lauderdale, FL 33301



SEZON SIKLÒN VIL FORT LAUDERDALE



CITY OF FORT LAUDERDALE

GID POU W PARE POU SEZON SIKLÒN

PARE POU SIKLÒN YO:

Sezon siklòn yo koumanse premye jen pou rive 30 novanm. Ane pase, te gen yon sezon ki depase tout rekò yo, avèk 15 siklòn ak 28 tanpèt yo te bay yon non, tankou Siklòn Wilma ki te lakòz gwo dega nan tout Vil Fort Lauderdale la. Dapre previzyon meteyowolojik yo, kounye a nou nan youn peryòd tanpèt twopikal ak siklòn ki pi aktif nan Oseyan Atlantik la. Aksyon pi enpòtan tout moun ka pran pou rete vivan lè yon siklòn pase, se fè preparasyon. Si ou pako koumanse fè preparasyon pou siklòn, li lè pou w fè sa. Tiliv sa a bay enfòmasyon ki enpòtan pou rezidan yo kapab sèvi, pou yo sèten yo pare anvan, pandan, ak apre yon siklòn.

PARE YON TWOUSO IJANS DEPI KOUNYE A!

Mete ase founiti pou ijans la, pou omwens 3 jou. Men sa ou dwe mete ladan, pou pi piti:

- Dlo (yon galon pa jou pou chak moun)
- Manje konsèrv ki pa gate (zouti manyèl pou ouvri mamit)
- Asyèt ak istansil pou w jete apre ou sèvi avèk yo
- Flach ki limen ak pil
- Radyo ki mache ak pil
- Batri siplemantè
- Twouso premye sekou
- Lajan kach
- Medikaman doktè preskri (pou 2 semenn)
- Linèt oswa lanti kontak
- Papye ijyenik, savon, sèvyèt papyè, atik twalèt pèsonnèl
- Gwo sache plastik pou fatra
- Rad derechanj, gan, soulye ki solid, akseswa pou pare lapli
- Dra ak zòrye
- Kle (pou kay, pou oto, ak pou bato)
- Zouti (san bliye kòd, riban adezif, ak prela)
- Dlo javèl ki san odè
- Founiti pou moun ki gen bezwen espesyal (tibebe, timoun, granmoun anpil laj, epi bèt moun gen lakay yo)
- Dokiman enpòtan (lisans chofè, batistè, papyè asirans, dosye medikal)
- Analog Telephone

GADE ANNDAN TILIV SA A POU WÈ LÒT ENFÒMASYON ENPÒTAN SOU SA OU KAPAB FÈ POU W PARE.

PARE ANVAN, PANDAN, EPI APRE MOVE TAN AN

AVAN SEZON SIKLÒN LAN

- Pare yon plan ijans pou ou menm ak pou fanmi w.
- Ale nan pòtay entènèt www.fortlauderdale.gov/hurricane pou gade si kay ou rete a nan zòn inondasyon oswa nan zòn otorite yo bay lòd pou moun kite.
- Chache jwenn materyo pou ranfòse pòt ak fennèt kay ou.
- Si w rete nan yon zòn kote otorite yo bay lòd kite, deside davans ki kote pou w ale, epi chwazi omwen 2 wout ou ka pran.
- Si ou gen pou w kite zòn lan, pran dispozisyon davans pou bèt ou gen nan kay la.
- Si ou gen entansyon pran refij anndan kay ou, gade si gen yon pyès kay ki bay sekirite, tankou yon pyès anndan kay la nan premye etaj, kote pa gen anpil pòt ak fennèt. Sa ki konn pi bon, se gwo plaka yo, ak sal twalèt yo.
- Chwazi 2 kote pou nou rankontre si moun nan fanmi w ki deyò pa kapab retounen lakay ou.
- Chwazi yon kontak ki pa rete nan menm Eta a, pou tout moun nan fanmi an telefòn si nou separe.
- Afiche nimewo telefòn pou ijans yo lakay ou, epi aprann timoun yo kouman ak kilè pou yo rele 911.
- Gade ki kouvèti asirans ou genyen, epi pran pi gwo asirans si w bezwen sa.
- Pran dispozisyon pou mare bato w byen.
- Koupe branch ki pandye nan pyebwa yo.
- Gade si ou ta vle pran yon klas pou fè preparasyon pou ijans.
- Ale nan www.fortlauderdale.gov oswa rele 954.828.8000 pou w enskri nan pwogram notifikasyon pou ijans Vil la genyen an, ki rele CodeRED®.

LÈ YO PIBLIYE ANONS POU VEYE SIKLÒN

Yo pibliye anons pou veye siklòn lè gen yon menas ki fè kwè yon siklòn ka rive nan 36 èdtan oubyen anvan sa.

- Veye nouvel lokal yo, pou w konnen ki pwogrè siklòn lan ap fè.
- Ranfòse pòt ak fennèt yo avèk travès oswa avèk materyo pou pwoteksyon (pou plis enfòmasyon, gade nan www.flash.org).
- Retounen gade plan ou te fè pou kite kay la. Chwazi wout ou byen, pou se yon wout ou ka pase, paske kapab gen wout ki fèmen oswa ki bloke.
- Mete gaz nan oto w, epi kenbe l pare.
- Pote tout bagay deyò ou pa kapab mare yo anndan, tankou mèb lakou, plant, poubèl, bwat pou resiklaj, bisiklèt, ak jwèt.
- Sere dlo ou pran nan tiyo pou netwaye ak pou fè dlo twalèt yo desann.
- Mete dokiman enpòtan yo nan kontenè ki anpeche dlo antre.
- Enspekte founiti pou ijans yo, epi estoke tout atik ki nesèsè yo, san bliye medikaman doktè preskri yo, ansanm ak atik pou moun ki gen bezwen espesyal yo.
- Regle frijidè ak frizè w sou tanperati ki pi frèt la. Ouvri yo sèlman lè w bezwen tout bon vre, epi fèmen yo san pran reta.
- Dekonnekte ti aparèy menaje yo.
- Kenbe ase lajan sou ou.
- Mare bato w byen.
- Pa mete fatra ki anvrak oswa fatra lakou deyò pandan gen yon Anons pou Veye Siklòn [Hurricane Watch] oswa yo Avètisman Siklòn [Hurricane Warning].

LÈ YO PIBLIYE YON AVÈTISMAN POU SIKLÒN

Yo pibliye yon avètisman siklòn lè yo kwè pral gen yon tan pou siklòn, tankou gwo van 74 mil alè oubyen plis k ap soufle san rete, nan 24 èdtan oubyen anvan sa.

- Kontinye swiv nouvel lokal yo pou w konnen si gen lòt enfòmasyon sou tan an.
- Fin fè aktivite pou preparasyon yo.
- Etenn tout kouran epi fèmen tout tiyo lakay ou si otorite yo mande fè sa.
- Fèmen tout pòt ki anndan kay ou. Asire epi kore tout pòt ki bay sou deyò yo.
- Si w gen pou w kite kay la, kite li bonè, epi pran founiti ijans yo, epi mennen bèt ou genyen nan kay la tou. Pa pase nan wout ki fèmen, oswa ki bloke, oswa ki gen dlo inondasyon.
- Fè yon moun ki rete nan yon kote siklòn pa pral pase konnen kote ou prale.
- Si otorite yo bay lòd kite zòn lan epi ou pa fè sa, gen danje pou w pa kapab jwenn kontak ak lapolis, oswa ak sèvis medikal pou ijans, oswa ak sèvis ponpye pandan anpil tan.
- Moun ki rete nan woulòt, ak moun ki gen bezwen espesyal yo dwe toujou kite zòn lan.
- Si ou pran refij lakay ou, mete moun nan fanmi w, ak bèt ou gen nan kay la, ak founiti pou ijans yo nan yon pyès kay la ki bay sekirite, epi rete la jouktan otorite yo di w nou mèt soti san danje.
- Sèvi avèk flach ki limen ak pil. Pa sèvi avèk bouji, ni avèk okenn lòt flanm dife dekouvri pou fè limiyè.
- Pa soti lè van yo sispann, paske se kapab "mitan" siklòn lan k ap pase. Siklòn lan pako fini lè sa a. Pral gen gwo van ki pral tounen soufle nan direksyon kontrè a.

APRE SIKLÒN LAN

- Rele Nimewo Espesyal Vil la, ki se 954.828.8888, epi koute estasyon radyo 1610 am pou w tande nouvel enpòtan.
- Tounen lakay ou sèlman lè otorite lokal yo di w ou ka tounen san danje.
- Enspekte lakay ou. Si gen dega ki rive lakay ou, rele konpayi asirans ou.
- Pa rete nan lari. Pa kondwi oto jouktan otorite yo di ou ka fè sa san danje.
- Fè rapò si w konnen gen kannal apwovizyonman dlo nan lari ki pete, oswa si gen tiyo pou voye dlo twalèt kay yo deyò ki kase, oswa kannalizasyon ki bloke: rele 954.828.8000 pou fè rapò.
- Si w wè fil elektrik ki tonbe, pa pwoche kote yo, epi fè rapò bay FPL nan nimewo 1.800.4OUTAGE.
- Pa pase nan madlo, paske kapab gen fil elektrik ki gen kouran anba dlo a.
- Sèvi avèk telefòn ou sèlman pou ijans.
- Pa janm kondwi yon oto nan yon ri ki gen inondasyon.
- Swiv nouvel lokal yo pou w konnen si gen avètisman pou dlo k ap fè toubiyon.
- Jete tout manje ki gate, ansanm ak atik pèsennèl ki te pran kontak ak dlo inondasyon yo.
- Pa janm sèvi avèk yon jeneratè anndan kay la.
- Pran prekosyon lè w ap netwaye fatra. Mete rad ki ba w pwoteksyon, epi fè timoun yo ak bèt ou genyen yo rete anndan kay la.